



Fason pou Mete Etikèt sou Manje ki Anbale yo

Fason pou Mete Etikèt sou Manje ki Anbale yo

Manje ki anbale yo dwe gen etikèt sou yo. Yo anbale manje yo si etablisman ki okipe zafè manje a mete pwodui a nan boutèy, bwat konsè, katon, anbalaj oswa sache epi mete li disponib pou moun vin pran l poukont yo. Etikèt ki sou anbalaj manje a fè konsomatè yo konnen egzakteman sa ki anndan anbalaj la. Yo dwe ekri enfòmasyon ki sou etikèt anbalaj manje a ann Anglè. Yon etikèt manje genyen senk pati:

- Idantite (non manje a)
- Kantite Nèt Sa ki Anndan an
- Lis Engredyan yo ak Prensipal Alèjèn Alimantè yo
- Non ak Adrès Biznis la
- Valè Nitritif yo

Pano Afichaj Prensipal (Principal Display Panel, PDP)

Pano afichaj prensipal (PDP) se pati ki devan anbalaj la. Konsomatè a kapab wè l byen fasil lè li ap achte pwodui a. Mete idantite a ak kantite nèt sa ki anndan an sou PDP a.

Idantite

Idantite a se bon non komen oswa non yo konn bay pwodui a. Ou bay yon non mak si ou vle.

- Itilize yon non ki pa p twonpe konsomatè yo.
- Itilize gwo lèt ki an karaktè gra.
- Enprime non an nan mitan etikèt la.

Kantite Nèt Sa ki Anndan an

Kantite nèt sa ki Anndan an se kantite minimòm manje ki anndan yon anbalaj, san konte pwa anbalaj la ak materyèl anbalaj la.

- Enprime kantite nèt sa ki anndan an sou fòm pwa (pou solid ak semi-solid yo), volim (pou likid yo) oswa kantite (nan kèk sitiasyon limite).
 - Egzanp: NET WT 12 OZ; 64 FL OZ; 6 COUNT.
- Mete enfòmasyon sa nan pati ki anba PDP a san pa gen lòt enfòmasyon bò kote l oswa anba li.

Pano Enfòmasyon

An jeneral, pano enfòmasyon an sou bò dwat PDP a. Mete lis engredyan yo, non ak adrès biznis la ak valè nitritif yo sou pano enfòmasyon an.





Fason pou Mete Etikèt sou Manje ki Anbale yo

Lis Engredyan yo

Endike tout engredyan yo selon non komen yo oswa non yo konn bay yo.

- Endike tout engredyan yo nan lòd selon pwa yo (soti nan sa ki pi lou a rive nan sa ki mwens lou a). Si engredyan an gen yon pwa ki reprezante mwens pase 2%, ou ka mansyone l nan fen lis la epi ekri “genyen 2% oswa mwens _____.”
- Mete tout sou-engredyan yo. Egzanp: Farin (farin ble blanchi, farin lòj malt, farin nòmal, nyasin, fè, tyamin potasyòm, riboflavin).
- Mete ajan konsèvasyon chimik ak koloran manje yo nan lòd selon pwa yo (soti nan sa ki pi lou a rive nan sa ki mwens lou a).

Prensipal Alèjèn Alimantè

Dwe gen yon etikèt alèjèn sou pwodui alimantè anbale ki genyen youn nan uit prensipal alèjèn alimantè yo: lèt, ze, pwason, kristase, nwa, pistach, ble ak soja.

Bay non nenpòt prensipal alèjèn alimantè ki nan pwodui a, nan lis engredyan yo. Sa dwe gen ladan pwoteyin ki soti nan prensipal alèjèn alimantè. Itilize youn nan opsyon sa yo:

1. Endike non komen oswa non yo konn bay sous manje a, apres a endike non alèjèn nan ant parantèz. Egzanp: farin (ble), fwomaj dlo (lèt).

OUBYEN

2. Apre lis engredyan yo, mete mo “Genyen:” epi mete alèjèn alimantè a annapre. Egzanp: Genyen: ble, lèt.

Pou nwa yo, deklare ki kalite nwa li ye. Egzanp: zanmann, kokoye, pekan. Pou pwason ak kristase yo, deklare ki espès li ye. Egzanp: pwason jòn dore, ekrevis, wonma.

Non ak Adrès Biznis la

Enprime non biznis la, vil, eta ak kòd postal fabrikan an, anbalè a oswa distribitè a. Si biznis la pa nan anyè telefonik pou vil la, mete tout adrès la.

Si yo pa bay non an pa non fabrikan reyèl la, endike ki relasyon etablisman genyen an ak pwodui a. Egzanp: “Fabrike pou” oswa “Konpayi ki distribye l la se”





Fason pou Mete Etikèt sou Manje ki Anbale yo

Valè Nitritif yo

Pafwa, li nesèsè pou mete yon pano valè nitritif. Manje anbale ki pa gen okenn deklarasyon sou eleman nitritif ki anndan yo ni deklarasyon ki gen pou wè ak lasante yo ka egzan poutèt:

- Gwosè biznis lan
- Fason yo vann, sèvi oswa komèsyalize manje a
- Kantite eleman nitritif yo piti anpil, tankou nan pou epis, te oswa kafe

Pano valè nitritif la gen enfòmasyon sou gwosè pòsyon yo, kalori yo ak prensipal eleman nitritif ki nan manje a. Si sa nesèsè, mete pano valè nitritif la anlè pano enfòmasyon an.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou egzanpsyon yo, gade [Gid sou Egzanpsyon nan zafè Mete Etikèt sou Manje pou Ti Biznis yo.](#)

Deklarasyon sou Eleman Nitritif ki Anndan ak Deklarasyon ki Gen pou Wè ak Lasante

Lè ou ap mete yon deklarasyon sou eleman nitritif ki anndan ak yon deklarasyon ki gen pou wè ak lasante, mete valè nitritif yo sou pano enfòmasyon an.

Resous sou zafè Mete Etikèt

Fèy enfòmasyon sa a sèlman bay yon rezime kout sou kèk egzijans federal, eta ak lokal nan zafè mete etikèt pou etablisman ki vann an detay yo. Men kèk lòt bagay ki ka fè pati etikèt yo pou etablisman ki vann an detay yo:

- Deklarasyon sou Eleman Nitritif ki Anndan ak Deklarasyon ki Gen pou Wè ak Lasante
- Deklarasyon ki di pwodui a pa gen glitèn
- Etikèt peyi kote pwodui a soti (COOL)

Resous sa yo bay plis detay, egzanp, chema ak dokiman pedagojik:

- [Gid sou Fason pou Mete Etikèt sou Manje \(FDA\)](#)
- [Gid pou Sektè a: Mete Etikèt sou Manje ki Pa Gen Glitèn; Gid Konfòmite pou Ti Antite yo](#)
- [Etikèt peyi kote pwodui a soti](#)

